

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa téh alat komunikasi manusa dina kahirupan sapopoé. Ku kituna, manusa teu leupas tina masalah basa. Kagiatan komunikasi basa dina hakékatna ngawengku opat kaparigelan, nya éta: (1) nyarita; (2) ngaregepkeun; (3) maca; jeung (4) nulis. Tina opat kaparigelan basa, aya dua wangun basa, nya éta basa lisan jeung basa tulisan. Basa lisan nya éta sistem lambang sora anu diucapkeun ku manusa salaku pakakas komunikasi antara panyatur (nu nyarita) jeung pangregep (nu ngaregepkeun). Basa lisan raket patalina jeung nyarita katut ngaregepkeun. Basa tulisan nya éta sistem sora nu disalin kana tulisan salaku pakakas komunikasi antara panulis (nu nulis) jeung pamaca (nu maca). Jadi, basa tulisan raket patalina jeung nulis katut maca.

Tina opat kaparigelan anu kudu dicangking ku siswa, nulis mangrupa salah sahiji aspek kaparigelan basa nu mibanda sipat anu kompléks jeung unik. Disebut kompléks jeung unik téh pedah dina ieu kaparigelan nulis siswa ditungtut kudu bisa ngébréhkeun hiji maksud jeung kahayangna dina wangun tinulis. Ku kituna nulis disebut élmu anu medar perkara kedaling basa dina unggal jalma. Mingkin alus pangaweruhna dina widang tinulis mungkin jembar élmunana dina kaparigelan tinulisna.

Kaparigelan basa téh boga sipat reseptif jeung sipat produktif. Kaparigelan maca jeung ngaregepkeun kaasup sipat reseptif, sedengkeun kaparigelan nulis jeung nyarita kaasup sipat produktif. Nulis mangrupa kaparigelan nu sipatna produktif dina harti bisa ngahasilkeun tulisan tina daya pikir jeung cipta manusa. Kitu deui ku tulisan ogé manusa bisa ngukur kamampuh siswa di widang basana. Katitén dina bangbaluh-bangbaluh nu karandapan ku siswa dina prosésna nulis, ti mimiti basa nu rék digunakeun, palanggeran nulis, undak-usuk basana, téma nu rék dijieun tulisan nepi ka eusina.

Kiwari mah aspék pangajaran nulis dina wangun basa téh dianggap hésé kacangkemna ku siswa. Ieu bangbaluh bisa ngalantarankeun siswa embung maké

basa Sunda dina wangun tinulis. Faktor guru jeung média katut bahan pangajaran salaku fasilitator, sakapeung mah teu dipaliré dina prosésna. Dina enas-enasna mah memang loba bangbaluh nu karandapan ku siswa salaku nu diajar jeung guru salaku fasilitator pangajaran.

Tingkat pangaweruh jeung kamampuh siswa mangrupa salah sahiji dadasar pikeun ngahontal hadé-goréngna dina nyieun atawa waktu migawé hiji karya tulis. Mingkin luhur tingkat kamampuhna boh dina widang tinulis boh dina widang basana, mingkin luhur ajén nu dihasilkeun dina karyana. Ku ayana pangajaran nulis éséy ngagunakeun média audio visual jadi patokan dina ngajén resep-henteuna siswa dina ngaapprésiasikeun jeung ngukur pangaweruh basana dina wangun tinulis.

Audio visual minangka média pangajaran bisa digunakeun sangkan siswa leuwih maham kana materi nu ditepikeun ku guru. Wanda pangajaran nu ditepikeun dina nulis éséy kaitung réa. Ku ngaliwatan média audio visual, dipiharep siswa nu asalna can nyangking materi pangajaranana bisa leuwih maham sabada ngagunakeun média audio visual dina pangajaran nulis éséy.

Panalungtikan ngeunaan éféktivitas média audio visual kungsi dilaksanakeun, kayaning "Efektifitas Media Audio Visual pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nepikeun Biantara Siswa Kelas XI MTs Negeri Sukasari Cimahi" anu ditalungtik ku Lilis Wahyu Winarni taun 2010, "Keefektifan Media Audio Visual dalam Pembelajaran Debat Kompetitif untuk Meningkatkan Keterampilan Berbicara (Penelitian Eksperimen Kuasi terhadap Siswa Kelas VIII SMP Negeri 1 Lembang Tahun Ajaran 2008/2009)" anu ditalungtik ku Dita Prawitasari taun 2009, jeung "Keefektifan Media Audiovisual dalam Pembelajaran Menerapkan Pola Gilir dalam Berkomunikasi (Studi Eksperimen Semu terhadap Siswa Kelas XI Akutansi SMK Negeri 1 Bandung Tahun Ajaran 2001/2012)" anu ditalungtik ku Frilia Shantika Regina taun 2012. Hasil tina tilu panalungtikan tétéla éféktif, tapi ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu saméméhna aya bédana nya éta leuwih medar éféktivitas média audio visual pikeun pangajaran nulis éséy. Dumasar kana masalah di luhur, panalungtikan anu judulna "Éféktivitas Média Audio Visual

pikeun Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu Taun Ajaran 2012/2013)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Kurangna minat siswa kana pangajaran nulis mangrupa kasang tukang masalah dina ieu panalungtikan. Sangkan ieu panalungtikan teu nimbulkeun salah harti, masalahna diwatesanan dina aspék siswa pikeun nulis éséy réfléksi siswa kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, rumusan masalahna dirumuskeun dina kalimah pananya saperti ieu.

- a. Kumaha kamampuh nulis éséy siswa kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu saméméh ngagunakeun média audio visual pikeun pangajaran nulis éséy?
- b. Kumaha kamampuh nulis éséy siswa kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu sabada ngagunakeun média audio visual pikeun pangajaran nulis éséy?
- c. Naha média audio visual éféktif pikeun ningkatkeun kamampuh nulis éséy di kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu?

## **1.3 Tujuan Pananglutikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngaronjatkeun poténsi siswa dina kagiatan nulis éséy dumasar kana pangaweruh siswa.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis éséy siswa kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu saméméh ngagunakeun média audio visual;
- b. kamampuh nulis éséy siswa kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu sabada ngagunakeun média audio visual;
- c. éféktif-henteuna média audio visual pikeun ningkatkeun kamampuh nulis éséy di kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta guru dipiharep bisa ngaronjatkeun pangaweruh ngagunakeun alat/média pangajaran jeung ngalatih nulis éséy dumasar kana pangaweruh siswa séwang-séwangan.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, nya éta:

- a. bisa méré déskripsi ka guru basa Sunda dina ngajarkeun nulis éséy;
- b. bisa ngirut siswa kana pangajaran nulis éséy;
- c. ngaronjatkeun aktivitas siswa nulis éséy di kelas;
- d. ngalarapkeun média pangajaran nu luyu jeung pangajaran nulis éséy.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, BAB I eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II eusina ngeunaan media audio visual, nulis, nulis éséy, asumsi, jeung hipotesis panalungtikan. Pedaran ngeunaan média dimimitian ku wangenan média pangajaran, ciri-ciri média pangajaran, fungsi média pangajaran, mangpaat média

pangajaran, kriteria milih média pangajaran, jeung wangun audio visual salaku média pangajaran. Pedaran ngeunaan nulis diwengku ku wangenan nulis, fungsi nulis, tujuan nulis, mangpaat nulis, rupa-rupa tulisan, jeung léngkah-léngkah nulis. Salajengna dina nulis éséy dipedar ngeunaan wangenan éséy, ciri-ciri éséy, papasingan éséy, jeung léngkah-léngkah nulis éséy. Pedaran ngeunaan rarancang média audio visual pikeun pangajaran nulis éséy diwengku ku média audio visual dina pangajaran nulis éséy, silabus, jeung RPP. Salaku matéri pamungkas dina BAB II diébréhkeun ngeunaan asumsi jeung hipotésis.

BAB III eusina ngeunaan métode panalungtikan. Eusina ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data. Pedaran ngeunaan téhnik ngolah data dimimitian ku uji sipat data (ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas), uji gain, jeung uji hipotésis.

BAB IV eusina mangrupa hasil panalungtikan, anu ngawengku kamampuh nulis éséy siswa saméméh ngagunakeun “perlakuan”, kamampuh nulis éséy siswa sabada ngagunakeun “perlakuan”, jeung éféktivitas média audio visual pikeun pangajaran nulis éséy (ngawengku uji sipat data, uji gain, jeung uji hipotésis).

BAB V eusina ngeunaan kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan anu ditujukeun ku panulis.